# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

जन्तु उद्यान अउर जलवायु परिवर्तन विभाग क राज्य मंत्री अरूण कुमार सक्सेना आजु लखनऊ में पेड़ बचाओ अभियान क सुरूआत कइलें। तीनि महिन्ना ले चले वाला येह अभियान में राज्य मंत्री आजु लखनऊ में कुकरैल नदी के किनारे सौमित्र वन में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ की ओरि से चलावल गइल पौधा क सिंचाई कइलें अउर ओकरे सुरक्षा खातिर अधिकारियन के निरदेसित कइलें। येह दौरान श्री सक्सेना प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के आवाहन पर एक पेड़ मां के नाम अभियान के तहत पौधा लगवलें। येह मौका पर श्री सक्सेना कहलें कि पेड़ बचाओ अभियान में पूरा प्रदेस में लगावल गइल पौधन क सुरक्षा कइल जाई, काहें से कि पेड़ मां के नांव पर लगावल गइल हवें।

**********

प्रदेस सरकार की ओरि से अगिला बरिस प्रयागराज में आयोजित होखे वाला महाकुंभ क तइयारी जोर–सोर से कइल जा रहल हौ। येही क्रम में प्रदेस क पर्यटन विभाग लोगिन के कुंभ के ओरि आकरसित करे बदे परचार–प्रसार क कई गो कार्यक्रम आयोजित कइ रहल हौ। पर्यटन विभाग की ओरि से आजु लखनऊ में कुंभ अभिनंदन रोड–सो क आयोजन कइल जा रहल हौ। लखनऊ के जीपीओ पार्क से सुरू होखे वाला ई रोड–सो सिकन्दरबाग चौराहा होत गोमती के किनारे पूरा होई।

ओहर, प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आजु महाकुंभ बदे स्वास्थ्य विभाग की ओरि से कइल जा रहल तइयारियन क जनकारी लेवे बदे प्रयागराज पहुंचलें। ओहां उहां के चिकित्सा विभाग क अधिकारियन के साथे समीक्षा बइठकी कइ के नवम्बर के आखीर ले सज्जो तइयारियन के पूरा कइले क निरदेस दिहलीं।

**********

भारत दौरा पर आइल मालदीव क राष्ट्रपति डॉ मोहम्मद मुइज्जू, पत्नी साजिदा मोहम्मद के साथे आजु आगरा पहुंचलें। ओहां उहां के इतिहासिक ताजमहल देखलीं। ओहवां उहां के ताज के इतिहास अउर ओकरे नक्कासी के बारे में जनकारी लिहलीं अउर डायना बेंच पर बइठि के फोटो खिंचववलें। येह दौरान उनके साथे प्रदेस सरकार क उच्च सिक्षा मंत्री योगेन्द्र उपाध्याय मौजूद रहलें। ताजमहल देखले के बाद डॉक्टर मोहम्मद खास विमान से बंबई बदे रवाना हो गइलें।

**********

प्रदेस सरकार गोवंस के सड़कि हादसा से बचावे बदे उनके गटई में रेडियम पट्टी लगावल गइले क निरदेस जारी कइले हौ। प्रमुख सचिव दुग्ध अउर पसुधन विकास विभाग के. रविन्द्र नायक येह सम्बन्ध में प्रदेस के सज्जो जिलाधिकारियन बदे परिवत्र जारी कइ दिहले हवें।

**********

गोरखपुर से लखनऊ जाये वाली बस अब अजोध्या धाम के बाइपास से नाहीं गुजरिहें। बसन के अजोध्या धाम के बस स्टेसनो जाये के होई। गोरखपुर के परिवहन विभाग क क्षेत्रीय प्रबंधक लव कुमार सिंह बतवलें कि यात्रियन के सुविधा बदे सासन की ओरि से ई निरदेस मिलल हौ। एहसे लोगिन के अजोध्या धाम पहुंचल असान हो जाई।

**********

सारदीय नवरातर क छठवां दिन्ने आजु सज्जो देवी मंदिरन, सक्तिपीठन, पूजा पण्डालन अउर घरन में मां भगवती क छठवां स्वरूप मां कात्यायनी क पूजा हो रहल हौ। पूजा–अर्चना बदे प्रदेस के कई गो सक्तिपीठन अउर मंदिरन में भिन्नहियें से सरधालुअन क भीड़ि उमड़लि हवे। बलरामपुर के देवीपाटन सक्तिपीठ में दरसन–पूजन बदे लग्गे के जिलन के अलावा पड़ोसिहा देस नेपालो से सरधालु पहुंचि रहल हवें। बनारस के भागेश्वरी देवी मंदिर में आजु सरधालु देवी कात्यायनी क खास आराधना कइलें महराजगंज जि के लेहड़ा माता मंदिर, गोरखपुर क कुसम्हीं जंगल में बुढ़िया माई मंदिर अउर चौरीचौरा इलाका में इतिहासिक तरकुलहा माता मंदिर में आजु भिन्नहियें से देवी भक्तन क तांता लागल हौ।

**********

उत्तर प्रदेस प्राविधिक शिक्षा परिषद, सम सेमेस्टर वार्षिक परीक्षा बैक पेपर अउर बिसेस पैक पेपर क नतीजा घोसित कइ दिहले हो। परिषद क सचिव अजित कुमार मिश्र बतवलें कि जवन छात्र अपने परीक्षा के नतीजा से खुस नाहीं हवें, ऊ फेर से मूल्यांकन बदे आवेदन कइ सके लें। फेर से मूल्यांकन बदे इग्यारह अक्टूबर ले आवेदन कइ सके लें।

**********

किसानन क आमदनी बढ़ावे बदे प्रदेस सरकार उन्हें मखाना क खेती करे बदे प्रोत्साहित कइ रहलि हौ। सरकार मखाना क खेती बदे किसानन के अनुदान दिहले क व्यवस्था कइले हवे। पूर्वांचल क चउदह जिलन में अनुदान पर मखाना के खेती क लक्ष्य तय कइल गइल हौ। गोरखपुर मण्डल क गोरखपुर, महराजगंज, कुशीनगर जिलन में कुलि सैंतीस हेक्टेयर मखाना क खेती क लक्ष्य दीहल गइल हौ। देउरिया जिला में बीतल कुछु सालि से किसान मखाना क खेती कइल सुरू कइ दिहले हवें।

**********

उन्नाव जिला क सतर्कता टीमि ओहवां क जिला मलेरिया अधिकारी के आजु अवकास मंजूर करे बदे दस हजार रूपिया घूस लेत रंगे हाथे पकड़ि के हिरासति में लिहलस। उनके खिलाफ उत्तर प्रदेस सतर्कता अधिस्ठान लखनऊ में मोकदिमा पंजीकृत कइ लिहल गइल हौ।

ओहर, औरैया जिला में एन्टी करप्सन क टीमि के ओरि से धूस लेवे वाले एगो लेखपालो के गिरफ्तारी क खबरि हौ। लेखपाल के जमीनि क पैमाइस के नांव पर घूस लेत एन्टी करप्सन टीमि पकड़ले हौ।

**********